

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: Depans pou Travay ki Asosye avèk Enfimite



Akòz enfimite mwen, mwen dwe peye pou sèten atik pou mwen ka travay.

Kouman depans sa yo afekte benefis SSI mwen?

Nan pifò ka, nou ka dedwi frè siplemanntè pou atik sa yo. Nou rele frè sa yo depans pou travay ki asosye avèk enfimite (IRWE), nan kantite lajan salè ou nou itilize pou kalkile benefis SSI ou.

Sa vle di nou pa diminye benefis SSI ou twòp paske nou pa konsidere tout salè ou.

Ki kèk egzanp IRWE ki ka diminye?

Si w ap travay, nou ka diminye depans siplemanntè ou pou atik tankou medikaman, apwovizyonman medikal, aparèy medikal, bèt pou sèvi kòm gid, ak atik ki ka jete tankou bandaj ak sereng lè n ap kalkile kantite lajan revni ou touche.

Nou ka anmezi tou pou dedwi depans siplemanntè ou pou sèvis medikal tankou vizit nan klinik doktè ak kèk sèvis swen pèsonèl apa ou resevwa pou preparasyon ou pou travay, pandan w nan travay, oswa pou mennen w ak pou w sòti nan travay. Nou ka dedwi tou sèten depans siplemanntè pou transpò ak reparasyon nan kay ou, oto ou, oswa kamyonèt ou pou pèmèt ou al travay.

Depans lan pa dwe ranbouse, epi li dwe asosye avèk enfimite ou (yo) epi li dwe nesèsè pou w kapab travay.

Egzanp:

Ellen Jones resevwa benefis SSI paske li enfim. L ap travay epi l ap touche \$1025 pa mwa, epi se sèlman revni li resevwa. Men depans li fè ki asosye avèk travay li:

- ▶ travay li retire \$125 pou enpo federal ak leta sou revni ak taks Sekirite Sosyal (FICA); epi
- ▶ li peye \$250 pa mwa pou yon **sèvis** transpò espesyal ki nesèsè pou li ale ak sòti nan travay akòz kondisyon enfimite li.

Malgre Madan Jones gen depans \$375 pa mwa li fè ki asosye avèk travay li, se sèlman \$250 salè li itilize pou peye pou **sèvis** transpò espesyal la ki asosye avèk enfimite li epi ki pa konte nan detèminasyon kantite benefis SSI li konsa: (Nòmalmman, transpò piblik pa yon IRWE.)

$\$1025 - \20 (esklizyon jeneral) = $\$1005$
 $\$1005 - \65 (esklizyon jeneral) = $\$940$
 $\$940 - \250 (enfimite–depans ki asosye avèk travay) = $\$690$
 $\$690 / 2$ = $\$345$
 $\$345$ = salè kontab

Esi mwen bezwen atik oswa sèvis pandan mwen nan djòb la ak pandan mwen pa nan djòb la?

Anjeneral, sa pa enpòtan si w deja bezwen atik oswa sèvis pou aktivite toulejou ou. Pa egzanp, pri yon chèz woulant anjeneral ka dedwi nan salè nou ka konsidere menm si chèz woulant lan itilize pou aktivite toulejou ak travay la.

Èske gen nenpòt lòt règ ki ka ede?

Yon moun ki enfim ka itilize lòt prim travay SSI tou tankou [Plan pou li vin endepandan \(PASS\)](#) ak [pwoteksyon Medicaid ki kontinye](#) pandan l ap travay.